# Lis pou verifikasyon/kalandriye sèvis MAC

| Lis pou verifikasyon/kalandriye sèvis tranzisyon yo | Laj 13 | Laj 14 | Laj 15 | Laj 16 | Laj 17 | Laj 18 | Laj 19 | Laj 20 | Laj 21 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Ou dwe sèten ou pale sou tranzisyon nan reyinyon Ekip ki fèt ane anvan etidyan an pral gen 14 an, epi mande evalyasyon tranzisyon (fòmèl ak enfòmèl) ki apwopriye pou laj etidyan an, pou sipò ak sèvis tranzisyon yo ka kòmanse lè etidyan an gen 14 an. | X | | | | | | | | |
| Ou dwe sèten bi ak objektif IEP chak ane a baze sou evalyasyon tranzisyon ki apwopriye ak laj la. | | X | X | X | X | X | X | X | X |
| Fè sèten pou yo envite etidyan an nan reyiyon IEP yo epi etidyan an ale nan reyinyon yo. Detèmine ansanm ak Ekip la ki preparasyon etidyan an ap bezwen pou li ka patisipe yon jan ki efikas. | | X | X | X | X | X | X | X | X |
| Si gen posiblite pou se yon ajans ki fè sèvis pou adilt ki pral bay etidyan an sèvis tranzisyon yo, ou dwe sèten distrik la envite ajans la nan reyinyon Ekip la. | | X | X | X | X | X | X | X | X |
| Ou dwe sèten gen yon Fòm Planifikasyon Tranzisyon [*Transition Planning Form* (TPF)] ki ranpli nan reyinyon ekip la lè evalyasyon tranzisyon yo fin fèt. | | X | X | X | X | X | X | X | X |
| Ou dwe sèten ou entegre rezilta evalyasyon tranzisyon yo ansanm ak TPF la nan IEP la kòm bi, objekti ak sèvis pou tranzisyon. | | X | X | X | X | X | X | X | X |
| Ou dwe sèten yo anseye konpetans ki pratik pou lavi endepandan (sa vle di, men san ou pa bliye: transpò, sekirite, labank, kijan pou administre bezwen medical, opsyon pou lojman, entèaksyon nan itilizasyon PCA nan katye, eksetera) si nesesè. | | X | X | X | X | X | X | X | X |
| Ou dwe sèten yo anseye konpetans ki pratik pou travay epi ki apwopriye pou laj nan travay la menm (sa vle di, men san ou pa bliye: kijan pou ranpli aplikasyon, teknik pou entèvyou, kijan pou administre tan, travay peye, suiv kijan lòt moun fè travay yo, eksetera) si nesesè. | | X | X | X | X | X | X | X | X |
| Ou dwe sèten yo anseye konpetans ki apwopriye pou laj pou ede | | X | X | X | X | X | X | X | X |

| Lis pou verifikasyon/kalandriye sèvis tranzisyon yo | Laj 13 | Laj 14 | Laj 15 | Laj 16 | Laj 17 | Laj 18 | Laj 19 | Laj 20 | Laj 21 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| etidyan an ale lekòl apre lekòl segondè (sa vle di, men san ou pa bliye idantifye epi fè aplikasyon pou inivèsite, chwazi kou preparasyon ki apwopriye pou inivèsite pandan etidyan an nan nan lekòl segondè (*high school*), jwenn rekòmandasyon, kijan pou adminjstre tan, konpetans sosyal, konpetans sou kijan pou etidyan an defann tèt li, bezwen pou teknoloji ki bay asistans, eksetera) si nesesè. | | | | | | | | | |
| Ou dwe sèten distrik lekòl la bay yon rekòmandasyon dapre Atik 688 nan ajans ki fè sèvis pou adilt 2 ane anvan etidyan an diplome oswa e ane anvan etidyan an gen 22 an. | | | | X | X | X | X | X | X |
| Deside ansanm ak elèv la si li vle pataje pwosesis pou pran desizyon konsènan edikasyon oswa si li vle delege li, sa vle di IEP tou, si nesesè. | | | | | X | X | | | |
| Ou dwe sèten etidyan an gen konesans apwopriye ak laj sou lalwa ki gouvène jenn moun ak adilt andikape (IDEA, ADA, 504 ak 688). | | X | X | X | X | X | X | X | X |
| Ou dwe sèten ou gen dokiman apwopriye nan relvenòt etidyan an pou inivèsite, pa egzanp yon plan 504, evalyasyon resan, eksetera, si etidyan an gen entansyon devwale andikap li. | | | | | X | X | X | X | X |
| Konsidere chwazi lòt sèvis pou adilt, pa egzanp titèl, pwoksi pou swen sante, mezon akèy (*foster care*), eksetera ki ka pi bon pou fanmi ou epi asire tèt ou yo deja anplas pou 18[yèm] anivèsè jenn moun lan. | | | | X | X | X | | | |
| Abòde konpetans ki nesesè pou idantifikasyon tèt ou nan inivèsite, nan travay ak nan kominote a. | | | X | X | X | X | X | X | X |
| Fè aplikasyon pou Mass Health (si ou genyen li deja, verifye pou wè si ou gen pou refè aplikasyon an antan adilt). Yon fwa etidyan an gen 19 an, kalifikasyon li ap baze sou pwòp revni pa li. | | | | | X | | | | |
| Fè aplikasyon pou SSI (sa kapab fèt pi bonè si jenn moun lan nan yon plasman rezidansyèl oswa si li gen yon revni ki piti. | | | | | X | | | | |
| Ou dwe sèten etidyan gason yo enskri pou sèvis militè lè yo gen 18 | | | | | | X | | | |

| Lis pou verifikasyon/kalandriye sèvis tranzisyon yo | Laj 13 | Laj 14 | Laj 15 | Laj 16 | Laj 17 | Laj 18 | Laj 19 | Laj 20 | Laj 21 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| an (si yo pa fè li, sa kapab afekte kèk avantaj gouvènman) | | | | | | | | | |

*© Massachusetts Advocates for Children 8-20-13*
*25 Kingston St. 2nd Floor*
*Boston MA 02111*